# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान में सीएम युवा कॉन्क्लेव अउर एक्सपो दुइ हजार पचीस क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के यूपी मार्ट पोर्टलो क सुरूआति कइलीं। कार्यक्रम में अपने सम्बोधन के दौरान मुख्यमंत्री कहलें कि नया उद्यमी के तौर पर विकास क भागीदार बनल करीब अड़सठ हजार से बेसी नौजवानन के प्रदेस सरकार दुइ हजार सात सौ एक्यावन करोड़ रूपिया उपलब्ध करवले हौ। उहां के मुख्यमंत्री युवा उद्यमी योजना क खूबियो गिनवलीं।

***एक ऐसी स्किम जो व्याज मुक्त है यानि व्याज गवर्नमेंट देगी। जो गारंटी मुक्त है यानी आपको गारंटी नहीं देनी है। आपके अभिभावक को नहीं देनी है। गारंटी भी राज्य सरकार देगी और इन सब के साथ–साथ जितनी आप पूंजी देंगे उसका दस फीसदी मार्जिंग मनी का भी लाभ राज्य सरकार आपको उपलब्ध करवायेगी।***

आयोजन के बाद एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि सीएम युवा उद्यमी योजना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आत्मनिर्भर युवा के विजन के धरती पर उतरले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर क महंत दिग्विजयनाथ स्मृति भवन सभागार में जनता दरसन कार्यक्रम के दौरान करीब दुइ सौ लोगिन से मुलाकाति कइलीं। उहां के लोगिन क समेस्या सुनत अधिकारियन के ओकर परभावी निस्तारण क निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री पात्र लोगिन के योजना के तहत आवास क भरोसा देत कहलें कि सरकार क मंसा बाटे कि हर जरूरतमंद लोगिन क पक्का मकानि होखे। उहां के जनसमेस्या के प्रति अधिकारियन के संवेदनसीलता देखावे बदे खास तौर पर निरदेस दिहलीं।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि बरिस दुइ हजार चउदह–पनरह के तुलना में रेल दुरघटना में सतहत्तर फीसदी गिरावट आइलि हौ। लोकसभा में एगो सवाल के जबाब में उहां के कहलीं कि सरकार स्वदेस विकसित स्वचालित रेल सुरक्षा पणाली कवच जइसन नया प्रौद्योगिकी ले आके यात्रियन अउर रेलवे क सुरक्षा के प्राथमिकता दिहले हवे। एगो अउरियो सवाल के जबाब में रेल मंत्री कहलें कि खाली तीनिये बरिस में वंदे भारत रेल सेवा सज्जो राज्यन में उपलब्ध हो गइल बाटे।

***जब शताब्दी और राजधानी इंट्रड्यूज हुई थी जितने समय में देश के सारे राज्यों को कवर किया गया अगर उस समय को कम्पेयर करें करीब–करीब दो दशक से अधिक समय लगा था। आज मान्यवर प्रधानमंत्री जी ने वंदेभारत जब इंट्रड्यूज की तीन साल के शॉर्ट टाइम फ्रेम में देश के सारे के सारे राज्यों को कवर किया। एक सौ 44 सर्विसिज आज वंदेभारत की चल रही हैं।***

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के दुइ अगस्त के प्रस्तावित बनारस दौरा के ले के प्रदेस के मुख्य सचिव के अध्यक्षता में आजु एगो वर्चुअल समीक्षा बइठकी कइल गइल। मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह अउर पुलिस महानिदेसक राजीव कृष्ण वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से भइल बइठकी में प्रधानमंत्री के दौरा के ले के कइल जा रहल तइयारियन क जनकारी लिहलें।

बइठकी के दौरान मुख्य सचिव निरदेस दिहलें कि प्रधानमंत्री के कार्यक्रम क तइयारी बरखा के धियान में रक्खत कइल जाए। ओहीं, पुलिस महानिदेसक अधिकारियन के सुरक्षा क मजबूत प्रबंधन कइले क निरदेस दिहलें। बइठकी में बनारस क मण्डलायुक्त अउर पुलिस आयुक्त के सथहीं कई गो सीनियर अधिकारी सामिल भइलें।

हमरे बनारस प्रतिनिधि के मोताबिक अपने प्रस्तावित दौरा में प्रधानमंत्री ओइजा के आईटी कॉलेज परिसर में एगो नया जमाना क लाइब्रेरी के निरमाणो क नेइ धरिहें। बीस करोड़ के लागति से बने वाली ई पहिला नेट जीरो एनर्जी बिल्डिंग वाला लाइब्रेरी होई। प्रधानमंत्री बनारसे से देस भर के किसानन के किसान सम्मान निधि क बीसवां किस्तियो जारी करिहें।

**********

आयकर विभाग, आयकर विधेयक–दुइ हजार पचीस में कर दरन में कउनों तरह के बदलाव से मिनहा कइले हौ। प्रस्तावित विधेयक पर स्पस्टीकरण देत विभाग एकर उद्देस्य खाली भासा के सरल बनावल अउर अनावस्यक आ पुरान प्रावधानन के हटावल बतवले हौ।

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में बीतल दिनन से बादर छवले हौ अउर रूकि–रूकि के गरज–चमकि के साथे बरखा क सिलसिला जारी बाटे। कुछु जगहिनि पर हल्लुक त कुछु जगहिनि पर भारी बरखा रेकार्ड कइल गइल हौ। लगतारे हो रहल बरखा के नाते एक ओरि जहवां जन–जीवन परभावित भइल बा ओहीं उमस भरल गरमियन से राहति मिलल हौ। जियादेतर पूरबी जिलन में आजु भिन्नहियें से घना बादर छवले हौ अउर बुन्नी परले से ले के हल्लुकाहे बरखा हो रहल बा। मौसम विभाग अगिला तीनि दिन खातिर प्रदेस में गरज–चमकि के साथे बरखा क अलर्ट जारी कइले हौ।

**********